


Depistaj pou Kansè nan kolon avèk Cologuard®




cologuard®
by EXACT SCIENCES

Objektif Cologuard se pou fè depistaj kay granmoun ki gen 45 lane oswa plis ki gen risk pou kansè kolorektal. Preskripsyon sèlman.

Tanpri gade enfòmasyon enpòtan sou risk yo sou do deplyan an.

Pou pran kontwòl sante w, fè depistaj pou kansè nan kolon

Kansè nan kolon afekte tout ras,
sèks, ak gwoup etnik¹

3yèm

Se 3yèm kansè ki pi kouran pami gason ak fanm, epi yo souvan konsidere li kòm yon fòm kansè ki pi evitab, epoutan ki mwens prevni^{2,5}

**45
oswa
plis**

Epi piske kansè nan kolon ap ogmante kay moun ki gen mwens pase 50 lane, American Cancer Society rekòmande kounye a pou kòmanse fè depistaj nan laj 45 lane³

90%

Sonje direktiv sa a. Paske lè yo detekte li nan premye estad yo, kansè nan kolon ka trete kay apeprè 90%* moun⁴


Se poutèt sa depistaj nan bon moman ta dwe fè pati bilan sante regilye ou yo!

*Baze sou sivi 5 ane.


Konprann rezilta ou yo

Founisè swen sante ou an ap ba ou rezilta ou apeprè 2 semèn apre yo fin resevwa echantiyon an nan laboratwa a

Pa bliye, Cologuard detekte **ADN** ak **san modifye** nan pou pou w, kidonk rezilta w ap baze sou makè sa yo⁵



Yon rezilta negatif siyifi tèl la pa te detekte siy pwobab sa yo. Gen anpil chans pou ou pa gen kansè kolorektal^{5,6}



Yon rezilta pozitif vle di yo te detekte siy pwobab sa yo. Li enpòtan pou w konnen yon rezilta pozitif se **pa** menm bagay ak yon dyagnostik kansè⁵

Sa rive pou gen fo pozitif ak fo negatif, kidonk, tanpri, kontakte founisè swen sante w pou pale sou pwochen etap ou yo⁵


Ou vle plis enfòmasyon toujou? Ale sou [Cologuard.com/UnderstandingResults](https://cologuard.com/UnderstandingResults) pou w jwenn detay anplis epi gade videyo nou yo

Cologuard fasil pou itilize epi li abòdab

Cologuard kouvri nan Medicare ak nan pifò gwo konpayi asirans yo. Pifò pasyan ki gen asirans peye **\$0***⁶

Nan tout peyi a, plis pase 94% pasyan Cologuard yo pa gen okenn frè ki sot nan pòch yo pou depistaj*⁶

*Estimasyon resan Exact Sciences yo baze sou istwa bòdwo pasyan yo.



Pou aprann plis sou asirans, ale sou [Cologuard.com/insurance](https://cologuard.com/insurance)

Nou ka ede w kontakte konpayi asirans ou pou w poze bon kesyon yo. Rele nou nan **1-844-870-8870**



Detache rapèl sa a pou ede w voye tounen kit Cologuard ou an

epi mete l nan yon kote ou konsève rapèl anjeneral — pa egzanp nan twalèt ou oswa sou frijidè w.



Rele
1-844-870-8870*
oswa
Tchat Andirèk nan
Cologuard.com



Gade Videyo sou Fason Pou Itilize nan
Cologuard.com/use

*Sèvis entèpretasyon disponib nan plis pase 200 lang

Tanpri retounen kit ou an pa pita pase:



Kòman pou w itilize kit Cologuard ou



On fwa ou resevwa kit ou an, defèt anbalaj li epi repase Gid Pasyan ki vini ak li a



Mete veso kòlèk ou an nan sipò twalèt la



Poupou nan veso kòlèk la



Grate echantiyon ou an avèk tib la



Ajoute pwodui pou konsèvasyon an nan veso kòlèk la



Asire ke ou ranpli toude etikèt yo



Kounye a, annik tounen bwat ekspedisyon an nan UPS®. Gade pwochen paj depliyon sa a pou w jwenn enfòmasyon enpòtan sou ekspedisyon

Ekspedisyon kit Cologuard ou

Sèvi ak etikèt UPS® ki peye davans lan pou w voye kit la tounen bay Exact Sciences Laboratories nan menm jou kòlèk la oswa nan landmen

Asire w yon dimanch oswa yon jou ferye pa pral bay reta pou echantiyon ou an tounen

Ou ka chwazi nan pami de (2) opsyon retou gratis:

Opsyon 1:

Planifye sou entènèt pou UPS pase pran l nan [Cologuard.com/UPS](https://www.cologuard.com/UPS) oswa rele nan **1-844-870-8870** pou jwenn èd

Opsyon 2:

Depoze kit la nan UPS. Ale sou [Cologuard.com/UPS](https://www.cologuard.com/UPS) pou jwenn opsyon lokal yo ak lè pou fè depo yo

Endikasyon ak Enfòmasyon Enpòtan sou Risk

Objektif Cologuard se pou fè depistaj kay granmoun ki gen 45 lane oswa plis ki gen risk mwayen pou kansè kolorektal nan detekte sèten makè ADN ak san nan pou pou. Pa itilize l si ou te gen adenòm, si ou gen maladi enflamatwa entesten ak sèten sendwòm ereditè, oswa yon istwa pèsone l oubyen istwa nan fanmi pou kansè kolorektal. Cologuard pa yon ranplasman kolonoskopi kay pasyan ki gen gwo risk yo. Estimasyon pèfòmans Cologuard kay granmoun ki gen laj 45-49 lane baze sou yon gwo etid klinik kay pasyan ki gen laj 50 lane oswa plis.

Rezilta tès Cologuard la dwe entèprete avèk prekosyon. Yon rezilta tès pozitif pa konfime prezans kansè. Yo dwe refere pasyan ki gen yon rezilta tès pozitif pou yo fè kolonoskopi. Yon rezilta tès negatif pa konfime absans kansè. Pasyan ki gen yon rezilta tès negatif dwe pale avèk doktè yo pou konnen kilè yo dwe fè tès ankò. Rezilta fo pozitif ak fo negatif ka rive. Nan yon etid klinik, 13% moun ki pa gen kansè te resevwa yon rezilta pozitif (fo pozitif) epi 8% moun ki gen kansè te resevwa yon rezilta negatif (fo negatif). Preskripsyon sèlman.

Referans yo:

1. Henley SJ, Ward EM, Scott S, et al. Annual report to the nation on the status of cancer, part I: national cancer statistics. *Cancer*. 2020;126(10):2225-2249. 2. National Cancer Institute. Genetics of colorectal cancer (PDQ®) - health professional version. Accessed September 26, 2022. <https://www.cancer.gov/types/colorectal/hp/colorectal-genetics-pdq> 3. Wolf AMD, Fontham ETH, Church TR, et al. Colorectal cancer screening for average-risk adults: 2018 guideline update from the American Cancer Society. *CA Cancer J Clin*. 2018;68(4):250-281. 4. National Cancer Institute. Cancer stat facts: colorectal cancer. Accessed September 26, 2022. <https://seer.cancer.gov/statfacts/html/colorect.html> 5. Exact Sciences. 2022. Cologuard Patient Brochure. 6. Exact Sciences. 2022. Data on file.

EXACT SCIENCES

cologuard®
by EXACT SCIENCES

EXACT SCIENCES CORPORATION
5505 Endeavor Lane, Madison, WI 53719
ExactSciences.com | ExactLabs.com | 1-844-870-8870

Cologuard se yon mak depoze Exact Sciences Corporation. Tout lòt mak komèsyal yo se pwopriyete pwopriyete pa yo chak apa.

© 2023 Exact Sciences Corporation. Tout dwa rezève.
M-US-CG-04133-HC